



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

Amy L. Gil
Director of Research, Evaluation,
and Assessment

Septanm 2020

Chè Paran/ Responsab Timoun yo,

Lekòl Piblik Elizabèt toujou gen menm sousi pou bay elèv li yo bon jan ledikasyon, yon fason pou prepare yo pou reyisi nan kolèj ak nan lavi yo.

Li toujou rete yon gwo defi pou Depatman Ledikasyon, ak tout lekòl nan New Jersey, pou kontinye bay timoun ledikasyon nan ane akademik 2020-2021. Pandemi sa a, li pa sèlman chanje jan lekòl fonksyone; men li afekte jan pwofesè anseye, ansanm ak jan elèv yo pran egzamen ki pou verifye sa yo aprann. Nan sans sa a, nap fè ou konnen kijan nou pral evalye sa timoun yo aprann, lane sila a.

Jan ou konnen li deja, lwa federal mande pou elèv yo pase egzamen nan Lang Anglè/ Art/ Literati ak Matematik soti nan klas twazyèm pou rive nan klas Dizyèm (3-10). Nan Syans, soti nan klas senkyèm pou rive nan klas Uityèm (5-8) ; ak klas onzyèm (11), nan New Jersey Students Learning Assessment (NJSLA). Se egzamen Leta New Jersey bay pou teste sa elèv yo aprann. Nan Dynamic Learning Maps (DLM). Sa vle di, Map Dinamik sou aprantisaj.

Anplis de sa, tout elèv nan klas K-12, ki kalifye pou jwenn sipò nan klas (English Language Learners (ELLs)). Sa vle di, elèv k ap aprann lang anglè, yo dwe evalye kapasite konpreyansyon ak kominikasyon yo genyen nan lang anglè nan diferan eta yo. Egzamen pou moun kap aprann pale anglè a rele Assessing Comprehension and Communication in English State-to State. (ACCESS for ELLs). Sepandan, akòz sitiyasyon nap viv kounye a, Depatman Ledikasyon nan eta New Jersey poko kapab bay dat diferan egzamen sa yo ap gen pou fèt.

Nap fè ou konnen tou, Depatman Ledikasyon nan New Jersey rekòmande pou kontinye gen evalyasyon nan tout domèn, pou tout elèv, pandan tout ane lekòl la.

Wap jwenn plis detay sou jan egzamen sa yo pra l dewoule, nan tablo ki anba paj la. Ou kapab vizite sit lekòl piblik yo: www.epsnj.org, kote wap jwenn tout chanjman ki kapab fèt nan diferan evalasyon sa yo.

Mwen swete ou menm ak tout fanmi ou pase yon ane lekòl nan lajwa, lasante ak siksè.

Respè,

Amy L. Gil

Division of Research, Evaluation, and Assessment

Evalyasyon Non elèv la	Sijè/Klas	Fason pou bay egzamen an	Nan Konbyentan	Dat Egzamen an	Rezilta Disponib	Depatman ki Egzije l
New Jersey Student Learning Assessment (NJSLA) Evalasyon sou sa elèv la aprann	ELA ak Math Klas 3-10	Odinatè ak (opsyon papye pou IEPs)	Li Varye	Nap fè w konnen	Nap fè w konnen	Leta/ Federal
New Jersey Student Learning Assessment (NJSLA) Evalyasyon sou sa elev la aprann	Syans Klas 5, 8, 11	Odinatè ak opsyon papye pou IEPs)	Li Varye	Nap fè w konnen	Nap fè w konnen	Leta/ Federal
Dynamic Learning Maps (DLM) Map Dinamik sou aprantisaj	ELA, Math, ak Syans Klas 3-8, 11	Odinatè	Li Varye	Nap fè w konnen	Nap fè w konnen	Leta/ Federal
National Assessment of Educational Progress (NAEP)* Evalyasyon nasyon sou pwogrè nan Edikasyon Pou kèk lekòl	Lekti, Math, Syans, Sivk, Istwa US, Istwa, Gewografi, Geography Klas 4, 8, 12-	Platfòm dijital Papye-Kreyon, yon lè konsa	60 Minis separe/ anviwon 180 minit chak timoun	Janvye -Mas 2021	Rezilta Nasyonal ak Leta nan diferan ane. Elèv ak distri a p ap gen rezilta.	Leta/ Federal
ACCESS for ELLs 2.0	Konpetans nan Lang Anglè pou ELLs nan klas K-12	Klas K – Papye; Klas 1-3; Odinatè ak Papye; Klas 4-12 Odinatè	Pa gen limit	Nap fè w konnen	Nap fè w konnen	Leta/ Federal
Successmaker	ELA Klas K-8	Odinatè	Li Varye	Otòn ak Prentan	Nap fè w konnen	Leta/ Lokal
Measures of Academic Progress (MAP) Evalyasyon pwogrè akademik	ELA Klas 9-12; Math Klas 8-12	Odinatè	Li Varye	Otòn ak Prentan	Nap fè w konnen	Leta/ Lokal
Evalyasyon Distri a	Tout Sijè/ Tout Klas	Odinatè	Li Varye	Ivè ak Prentan	Nap fè w konnen	Leta
Egzamen final	Tout Sijè Klas 9-12	Odinatè	Li Varye	14 Jen – 17 Jen, 2021	Nan fen ane lekòl la	Lokal